Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 14 (6475) 14 март 2016 с. Итни Жумадул ахир 1437 с. Багъа 5 гъур.



НИЛЪ – БАРАБ АХIУЛЪГИ АХIАРАБ БОЛЪГИ

## Бергьана бакълъулал, генал ва балъхъал

**МухтарахIмад КъурамухIамадовасул цIар кьураб республикаялъулаб лъабабилеб гугариялъул турнир**

**2016 соналъул 6 марталда Гумбет районалъул МельелтIа росулъ лъималазулгун гIолилазул спортивияб школалда тIобитIана «БагIараб цIва» орденалъул кавалер, рагъухъан -интернационалист МухтарахIмад КъурамухIамадов ракIалде щвеялъул эркенаб гугариялъул республикаялъулаб лъабабилеб турнир. Гьеб турнир тIобитIана 2002 ва гьелдаса хадусел соназ гьарурал гIолилазда гьоркьоб.**

Республикаялъулаб турнир гIуцIана «Гумбет район» муниципалияб районалъул культураялъул, физическияб культураялъул, спорталъул, гIолилазул ишазул ва туризмалъул отделалъ ва рагъухъаби-интернационалистазул ТIолгороссиялъул жамгIияб гIуцIиялъул бакIалъулаб отделениялъ.

Турниралда гIахьаллъи гьабуна республикаялъул районаздаса ва шагьараздаса 18 командаялъ. Рохалилаб ахIвал-хIалалда турнир рагьулаго, «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер **МухIамадгIали МухIамадгIалиевас** баркиялъулал рагIаби абуна турниралъул гIахьалчагIазул, гьалбадерил, командабазул вакилзабазул цIаралда.

«Гумбет районалда гIадатлъун лъугьараб, «БагIараб цIва» орденалъул кавалер **МухтарахIмад КъурамухIамадовасул** хIурматалда ва ВатIан цIунулезул, гьединго рагъухъаби-интернационали-



стазул къо кIодо гьабун, эркенаб гугариялъул республикаялъулаб турнир тIобитIиялъ гIолилазе ВатIан бокьиялъул тарбия кьезе, гьезул сахлъи щулалъизабизе, щивасул рекIелъ бахIарзазда чIухIиялъул асар бижизабизе квербакъи гьабула», - ян абуна Гумбет районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиевас.

««БагIараб цIва» орденалъул кавалер, Аргъвани росулъа МухтарахIмад КъурамухIамадов, Афгъанистаналда гIумруялдаса ватIалъана, жиндирго рагъулал гьудулзаби хвасар гьарулаго ва рагъулаб налъи тIубалаго. ЦIияб Аргъвани гьоркьохъеб школалъе кьун буго МухтарахIмад КъурамухIамадовасул цIар. Гьев ракIалде щвеялъул мурадалда щибаб соналъ тIобитIула эркенаб гугариялъул турнир», - ян абуна рагъухъаби-интернационалистазул ТIолгороссиялъул жамгIияб гIуцIиялъул Гумбеталъул бакIалъулаб отделениялъул нухмалъулев **МухIамадрасул Сулаймановас.**

Баркиялъулал кIалъаял гьаруна гьединго рагъухъаби-интернационалистазул ТIолгороссиялъул бакIалъулал гIуцIабазул нухмалъулел Хасавюрталдаса **Хизри ГIумаровас,** ЦIияблакалдаса **ХIамзат Атиевас,** Болъихъа **Шамил ЛатIиповас.** Турниралъул хIасилал гьарун, жиде-жидер цIайиязда чемпионаллъун рахъана **ГI. ГIабдулмажидов** (22 кг., Болъихъ росу), **М. Сайпудинов** (26 кг., Болъихъ росу), **М.МухIамадов** ( 30 кг., Унсоколо районалъул Генуб росу), **Н. Астимиров** (34 кг., МельелтIа росу), **Р. ХIайбулаев** (38 кг., Казбек район), **Б. Гьиматов** (42 кг., МельелтIа росу), **Ш. ХIабибов** (63 кг., Унсоколо районалъул Генуб росу).

Турниралъул призеразе кьуна дипломал, медалал, кубокал. Жиде-жидер цIайиязул категориязда гугарухъабазе тIоцебесеб бакI ккуразе 2500, кIиабилеб бакI ккуразе 1500, лъабабилеб бакI ккуразе 1000 гъурущ щвана.

**Къурмагъиз ХIадисова**

НУХАЛГИ МЕХАЛГИ

## Нухазда хьвадиялъул низам ва транспорталъул магъало

**Бакълъулал Дагъистаналъул Минтрансалъул данделъиялда**

**Хьаргаби районалда тIобитIана МугIрузул территориалияб округалъул зоналияб данделъи. Гьениб гьоркьоб лъуна «Дагъистан Республикаялда автомобилазул транспорталъ гIададамал раччиялъул бугеб хIалалъул ва гьеб хIалтIи рукIалиде бачиналъе тадбиразул хIакъалъулъ» суал. Данделъи тIобитIана ДРялъул транспорталъул, энергетикаялъул ва бухьеналъул министерствоялъул хIаракаталдалъун.**

Гьеб тадбиралда гIахьаллъана ДРялъул транспорталъул, энергетикаялъул ва бухьеналъул министрасул тIоцевесев



заместитель, МугIрузул территориалияб округалда Дагъистаналъул бетIерасул кумекчи, налоговиял хъулухъазул, пенсионнияб фондалъул отделениязул, МВДялъул ГИБДДялъул управлениялъул, Госавтонадзоралъул, захIматалъул пачалихъияб инспекциялъул вакилзаби, гьединго МугIрузулаб Дагъистаналъул муниципалиял гIуцIабазул бутIрул, ДРялъул «МФЦ в РД» ГАУялъул ва гьелъул территориалиял филиалазул нухмалъулел.

Данделъиялда Гумбет районалдаса гIахьаллъана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер **МухIамадгIали МухIамадгIалиев,** МФЦялъул филиалалъул нухмалъулев **ГIумар МухIамадов,** ОГИБДДялъул нухмалъулев **Расул Аххубегов.**

**(Ахир-кIиабилеб гьум.)**

НОМЕРАЛДА РУГО:



Школа – инсан куцалеб къебелъи

-2 гьум.



Унел руго руччаби, гьежда дуниялги лъун

-2 гьум.



«ГIияхъан» магIишатги, гIандадерил тайпаги, квасул суалги

-3 гьум



Капитан Гаджимурад Зулумханов – лучший в МВД РД

-3 стр.

# Нухазда хьвадиялъул низам ва транспорталъул магъало

**(Авал-тIоцебесеб гьум.)**

Данделъиялда кIалъазе рахъарал ДРялъул транспорталъул, энергетикаялъул ва бухьеналъул министрасул тIоцевесев заместитель **Арслан Арслановас,** СКФОялда бугеб Гостранснадзоралъул МТУялъул нухмалъулесул заместитель **МуртазагIали МуртазагIалиевас,** ДРялъул ГИБДДялъул управлениялъул хъаравуллъиялъул отделалъул нухмалъулев **Камалудин ХIажигIалиевас,** «МФЦ в РД» ГАУялъул нухмалъулев **ГIусман Хасбулатовас,** муниципалиял гIуцIабазул бутIруз аслияб тIадчIей гьабуна гIадамал автотранспорталъ раччи хIинкъи гьечIеб хIалалда гIуцIизе ккеялда. Бицана гIадамал автотранспорталъ раччиялъул хIалтIи законалде данде кколареб хIалалъ букIин, налоговияб хIисабалда лъун гьечIолъи, транспорталъул сурсатазул инвентаризация гьабун гьечIолъи. Ведомствалъ хIадур гьабураб «Нухлул картаялда» аслияб масъалалъун бихьизабун буго шагьаразда, районазда гьоркьосел маршрутазда гIадамал раччиялда хIалтIулел киналго предпринимателал налоговияб хIисабалда лъезе. Гьеб иш рукIалиде бачиналъе районалъул бутIрузги хIалтIи гьабизе ккей, щай абуни, бакIалъулаб бюджеталде тIадеги хайир бачIунелъул.

Данделъиялда муниципалиял гIуцIабазул бутIрузе лъикIаблъун бихьизабуна транспорталъул бетIергьаби моцIрол болжалалда налоговияб хIисабалда лъезе, ДРялъул транспорталъул, энергетикаялъул, бухьеналъул министерствоялде гьелъул ккарал хIасилазул хIакъалъулъ щибаб моцIалъ лъазабизе.

**«Гумбет» РИО**

КЪАБУЛЕБ БУГО ЦIУМУР

# Школа – инсан куцалеб къебелъи

### Игьалиб директорзабазул дандеруссин

**Игьали гьоркьохъеб школалда тIобитIана Гумбет районалъул лъайкьеялъул учреждениязул нухмалъулезул семинар-совещание. Гьеб байбихьилелде директорзаби гIахьаллъана Игьали школалда дарсазда. Гьаруна дарсазул хIасилал, малъа-хъваял.**

Семинар-совещаниялда гьоркьоб лъуна федералиял пачалихъиял лъайкьеялъул цIиял стандартал (ФГОС) тIиритIизариялъул хIакъалъулъ суал. Гьеб суалалда тIасан кIалъазе рахъана Игьали гьоркьохъеб школалъул директор **СагIид МухIамадов,** гьеб школалъул завуч **МуртазагIали ХIажимурадов.** Гьединго кIалъазе рахъана ТIад Инхо школалъул директор **МухIамад Юсупов,** Ингишо школалъул директор **ГIали ГIумархIажиев,** ЦIияб Аргъвани школалъул директор **Дибир ХIажиев,** Гъоркь Инхо школалъул директор **МухIамад Жамалудинов,** Килалъ школалъул директор **СагIидбег ГIузаиров.**



Семинаралда гIахьаллъана ва кIалъазе вахъана райадминистрациялъул бетIерасул заместитель **АхIмад Сулайманов.** Гьес жиндирго кIалъаялда бихьизабуна лъайкьеялъул даража борхизабизе, цIиял стандартазда рекъон хIалтIизе ккей.

Ахиралда хIасилазулаб кIалъай гьабуна районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев **Муса КъурамухIамадовас.**

**ГIайшат Исламбиева**

ЧАРАН КИН ЛЪАДАРАРАБ

# ТоргIо хIаялъул турниралда мелъел бергьана

**Гумбет районалъул МелъелтIа ДЮСШялъул спортивияб залалда 28 февралалда гIолилазда гьоркьоб тIобитIана торгIо хIаялъул турнир. Районалъул культураялъул, физическияб культураялъул, спорталъул, гIолилазул политикаялъул ва туризмалъул отделалъул хIаракаталдалъун тIоритIарал гьел къецазда гIахьаллъана росабазул, учреждениязул ва гIуцIабазул командаби.**

ТоргIо хIаялъул къецазда тIоцебесеб бакI «МелъелтIа», кIиабилеб бакI «Инхо», лъабабилеб бакIал «Гьарадирихъ» ва «Килалъ» командабаз ккуна.

Бергьенлъи босаразе щвана грамотаби, кубокал, гIарцулал сайгъатал районалъул администрациялъул ва спонсоразул рахъалдасан.

Жидерго командаялъе гIарцулаб сайгъат кьуна «Сельсовет “Мехельтинский”» АСПялъул нухмалъулев **МухIамад ГIабдунасировас.**

**«Гумбет» РИО**

ТIИБ

# Гумбет райбольницаялъул хIалтIухъаби ЦIияб Аргъванир

Гумбет районалъул больницаялъул медхIалтIухъаби ЦIияб Аргъванире ун рукIана лъималазул диспансеризация тIобитIизе. Бригадаялда рукIана районалъул педиатр Марьям Жанахъаева, хирург ГIабдулбасир Жамалудинов, невролог МухIамадхIабиб Абакаров, уролог АхIмад ГIабдулхIалимов, цабигIусазул тохтур Тимур Шейхов, руччабазул тохтур РахIмат ГъазимухIамадова, медсестра ГIашура Юсупова.

ЦIияб Аргъвани школалъул 165 лъимералъул халгьабуна гьеб къоялъ.

**«Гумбет» РИО**



АЛЖАН – ЭБЕЛАЛЪУЛ ХIАТIАКЬ

# Унел руго руччаби, гъежда дуниялги лъун

### МагIарулалъул къисмат

**Гьайбатаб ихдалил бакъул хинал чIоралгун, чIаголъулеб, цIилъулеб тIабигIатгун бачIуна щибаб соналъ нилъехъе, нилъее хириял байрамазул цояб – халкъазда гьоркьосеб руччабазул къо – 8 март. Рукъалъул хинлъи цIунулел, рокъоб рацIцIалъи цIунулел, лъималазе тарбия кьолел, рекIел хинлъиялъги, тIалабагъазалъги нилъ сверун ккурал руччабазул байрам рохалилаб ахIвал-хIалалда кIодо гьабуна Гумбет районалъул маданиял учреждениязда, школазда ва цогидалги бакIазда.**




Руччабазул байрам хасго гIуцIа-къан ана Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбет районалъул централда. ГIицIго райцентралъул идарабазул хIалтIухъаби гурелги, гьенир гIахьаллъана районалъул росабазул маданиял учреждениязул, библиотекабазул хIалтIухъаби, школлъимал. ТIоцебе гьениб бихьизабуна маданияб централъул нухмалъулев **Набигула АхIмадибировас** хIадур гьабураб, районалъул руччабазул хIакъалъулъ гьитIинабго видеоролик. Байрам баркиялъулал рагIабиги абулаго вечер рагьана районалъул централияб библиотекаялъул нухмалъулей **Сиядат ГIабдулмутIалибовалъ.**

Баркиялъулаб кIалъай гьабуна «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель **АхIмад Сулаймановас.**

Вечералда гIахьаллъараз лъикI къабул гьаруна районалъул школа-искусствалъул гIисинал кьурдухъабазул, «Гумбеталъул гьунарчагIи» ансамблялъул кечI ахIулезул цецерахъинал. Лъималазул творческияб рукъалъул кружокалъул занятиязде хьвадулел МелъелтIа аслияб школалъул цIалдохъабаз рихьизаруна «Васигат» абураб пьесаялда цо-цо бутIаби. .

Районалъул росабалъ гIолеб гIелалъе тарбиягун лъайкьеялда, халкъалъе медицинаялъул хъулухъ гьабиялда ва цогидалги бутIабазда хIалтIулел руччабазе кьуна сайгъатал.

**Къурмагъиз ХIадисова**

ХЕРАЛ МАГIАРУЛАЛ, НУЖЕР ЦО РАГIИ…

# Сакъатазе ва харабазе - хъулухъ

**Гумбет районалъул гIадамал социалияб рахъалъ хьезариялъул централъул харабазе ва инвалидазе къад хъулухъ гьабулеб отдел хIалтIулеб буго маданиябгун сахгьариялъул комплексалъе бараб минаялъуб. Щибаб къоялъ гьенире хьвадула сахлъи щула гьабизе бокьарал. Гьенир руго медпрофилактикаялъул, медицинаялъул кумек гьабиялъул кабинетал. Тренажернияб залалда сахлъи щула гьабизе хIажалъулел алатал.**

ЦСОНалъул гьеб отделалъул нухмалъулей Раисат ГIумаровалъ, специалистал Маржанат Эсенбулатовалъ ва Наида Манаповалъ кIудияб хIалтIи гьабулеб буго гьенире рачIаразе хъулухъ лъикI гьабиялъе. КъачIан руго кабинетал. ГIуцIулел руго харабазулгун, инвалидазулгун дандчIваял. Отделалде гьел ахIун, рохизарула, батIи-батIиял нигIматаз гIуцIарал столазда нахъа гIодорчIезарула, рокъоре унаго сайгъатал кьола. Харабазул къоялъ октябрь моцIалъ, ВатIан цIунулезул къоялъ – 23 февралалда гIуцIана гьединал тадбирал.

КIочон течIо гьезда Халкъазда гьоркьосеб руччабазул байрам кIодо гьабизеги. Руччабазда байрам баркана, гьезие сахлъиги, хIалтIулъ бергьенлъабиги, хъизан-рукъалдаса рохелги, гьабулеб ишалъулъ битIккейги гьарун баркиялъулал кIалъаял гьаруна «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель **ХIайбула ГIабдурахIмановас,** районалъул гIадамал социалияб рахъалъ хьезариялъул централъул (ЦСОН) нухмалъулев **Абакар МухIамадовас.**

Жидер гьабулеб тIалабалъухъ ракI-ракIалъулаб баркалаги кьолаго, разиго тIадруссана гьеб байрамалъулаб данделъиялдаса руччаби.

**Къурмагъиз ХIадисова**

МУГІРУЗУЛ СОН. ЧІАЛДА МОХМОХ БИЦЦАЛЪАГИ

# «ГІияхъан» магІишатги, гІандадерил тайпаги, квасул суалги

### ГІухьбузул къисаби ва масъалаби

**МелъелтІа росулъ гьаюна ГІазра РурухІмаева. Школа лъугІараб 1973 соналъ хІалтІизе лъугьана МелъелтІа гьоркьохъеб школалъул пионервожатаялъун, борхизабуна лъай, кьуна цІалдохъабазе авар мацІалъул дарсал. Школлъималазда гьоркьоб хІалтІи гІуцІизе махщел бугей йикІиналъ чанго нухалда щвана лъайкьеялъул отделалъул, школалъул дирекциялъул рахъалдасан ХІурматалъул грамотаби.**

1985 соналдаса РурухІмаева хІалтІулей йиго МелъелтІа росдал маданиябгун хІухьбахъиялъул централда. Жигарай гІуцІарухъаналъ гьенибги бажари бихьизабуна. ТІоритІула вечерал, дандчІваял. ЦеетІурай хІалтІухъан хІисабалда райадминистрациялъул культураялъул, физическияб культураялъул, гІолилазул ишазул ва туризмалъул отделалъул рахъалдасан Адабияталъул соналда хІасилал лъикІал росиялъе гІоло кьураб грамота. Буго маданиябгун хІухьбахъиялъул централда гьоркьоб тІоцебесеб бакІ ккеялъе гІоло кьураб грамотаги.

ГІазра РурухІмаева ккола фермерги. Гьелъ нухмалъи гьабулеб буго фермеразулгун рекъарухъабазул «ГІияхъан» магІишаталъе. «Гумбет» басмаялъул хІалтІухъан дандчІвана РурухІмаевагун ва чанго суал кьуна гьелъие.

**- ГІазра, кида рагьараб КФХ, сундасан байбихьараб хІалтІи гІуцІизе?**

- «ГІияхъан» абураб цІарги кьун КФХ рагьана 1993 соналда, дица нухмалъи гьабулеб буго гьелъие. Гьеб рагьиялъе гІиллаги букІана нижерго гІи-боцІул къадар цІикІкІинабизе ва гьан, квас гьарзаго гІезабизе рес щвей. ТІоцебе магІишат гІуцІулеб мехалъ нижер букІана 200 гІан лемаг. Соналдаса соналде цІикІкІинабуна гІи-цІаназул къадар. БоцІи нижер гьанже гьечІо, букІарабги бичана, гІемер жо кодоб ккуни, бортун уна.

ТІоцебе магІишат гІуцІараб мехалъ лъаларoан дотация щибжояли, букІана гІи-боцІул, гьанал, квасул къиматги. ГІиядаса хасалихъе къунцІараб квасалъухъ щвараб гІарац хІалтІизабулаан рокъобе хІажатаб босизе, ихдал къунцІараб ябагьиялъухъ щвараб гІарцуде босулаан гІияе кІалцІи-хер.

**- Хасалоялде кІалцІи-хер хІадуризе захІмалъулеб батила, бичунищ босулеб?**

- ГІияе хьулухъ гьабизеги, рагІи-хер хІадуризеги хъизаналъул членазул заман букІунаро. Нижеца сезоналъул заманалда гІияе хасалоялде кІалцІи-хер бичун босула, гІархьилъ лъола 4000 – 4500 тук харил, 20-25 тонна кІалцІиги босула.

**- Квас, гьан бичулаго захІмалъаби дандчІвалищ?**

- ДандчІвала. ГьабсагІат нижеца гІи къунцІизе чагІи ралагьулел руго, цо гІиялъажо къунцІун 50 гъурущги кьун. Амма квасул цо килограммалъухъ нижее 10 гъурущцин щолеб гьечІо. ХІисаб гьабеха, кигІан зарал кколеб бугебали? Къо бахъанагІан хиралъулеб



буго кІалцІи-хер. ГІезабураб продукция бичизе бакІ гьечІо, унеб буго учузго. ГІададатиял конфетазул бакІалда гьечІо гьанал килограмм.

**- ГІияе мегІер-гІалах бихьизабулищ, хасало жанире гьезе сарай батила?**

- Риидал гІи хьихьула магІарда, хасало уна бетІербахъуде хъутаналде. Буго нижецаго бараб бокьги, къватІибе гІи биччазе хІадурарал чалалги.

**- Пачалихъалъул рахъалдасан, «Мехельтинский» СПКялъул, «Сельсовет “Мехельтинский”» АСПялъул рахъалдасан кумек щолищ?**



- Щола гІияхъанлъи цебетІезабиялъе пачалихъалъул рахъалдасан дотация. Роолил мучІдул, хасалил сагаби гІи хьихьизе кьеялъе кумек «Мехельтинский» СПКялъулги, росдал администрациялъулги гІурабгІ буго.

**- МагІишат тайпадулаблъун бугин абуна, кидаялдаса бугеб, гьелъул тІокІлъи щиб бугеб, цогидал магІишатазде дандеккун?**

- 2012 соналдаса магІишат ккола тайпадулаблъун. Нижер гІи буго гІандадерил хъахІаб квасул тайпаялъул. Гьелъул батІалъи-тІокІлъи лъаларо, кьегІер букІуна сахаб, эбел букІуна лъикІаб, куйдулги рукІуна чІахІиял, къуватал. Исанаги росана цІикІкІараб багьаги кьун тайпадулал куйдул.

ГІи буго хехго къадар цІикІкІине рес бугел жал. Лемагазул цо къадаралъ кІи-кІи кьегІер гьабула. ГІи къинлъулеб заманалда кумек хІажалъулелъул, аслияб хІалтІудасан отпускги босун дунги уна, кумекалъе чагІиги рахъинарула. КІалцІихералъул нахърателги бугони, хъизаналъул членазда тІаде кумекалъе чагІиги ругони, тІинчІ тІаса ин дагьлъула.

**- Рекъарухъабазул магІишат цебетІеялъулъ хъизанлъималаз лъолеб бутІа кинаб бугеб?**

- МагІишат цебетІезабизе ккани, хІалтІуде хъизанго бахъине ккола. Радал тІаде рахъаралдаса къаси рокІинегІан тІадчІун хІалтІула, захІмат бихьичІони чехьгІорцІуларо ва магІишат цебетІоларо. ГІи хьихьи захІматаб хІалтІи буго, хаселин, риийин чІей гьечІеб. Кинал захІмалъаби дандчІваниги, нижеца гьел бажарараб хІалалъ кьезаризе хІаракат бахъула. ГІияхъанлъиялда гІумру арав, гІи хьихьиялъул, гьезие хьулухъ гьабиялъул хІалбихьиялдаса цогидазги мисал босулев чи вукІана нижер кІудияв эмен Абакар ХІасанов. Дир вакъад-эмен вукІана гьев мунагьал чурад. КІудияб ВатІанияб рагъул гІахьалчи, рагъде инегІанги, гьениса тІадвуссаралдасаги гІиял тІил кодоса биччачІев гьес жиндирго лъималги, гьезул лъималги ругьун гьаруна гІияхъанлъиялде.

Дир гІумрудул гьудул МухІамад Абакаров 1973 соналдаса хІалтІана МелъелтІа росдал колхозалда. 1982 соналдаса 2012 соналде щвезегІан гІиял фермаялъе нухмалъи гьабуна. МагІишаталда гІияхъанлъи цебетІезабиялъулъ росарал бергьенлъабазе гІоло кьуна «Росдал магІишаталъул мустахІикъав хІалтІухъан» абураб цІар. Аслияб хІалтІи КФХялда гьес гьабула. кІудияв эмен Абакар ХІасановасул ирс босана нижер вас Батирбегицаги. Яс Маидат врачневропотологлъун, цогидай яс ПатІимат учитель – логопедлъун хІалтІулел руго.

**- ГІазра, хІукуматалъул «Хайир бугеб АПК» абураб программа гІумруялде бахъинабиялъулъ чІахІиял бергьенлъаби дуе.**

**Гара-чІвари гьабуна**
**Къурмагьиз ХІадисовалъ**

НА СТРАЖЕ ЗАКОНА

# Капитан Гаджимурад Зулумханов – лучший в МВД РД

### Сотрудник ОМВД России по Гумбетовскому району выиграл в республиканском конкурсе

**Ежегодно МВД по РД проводятся соревнования по боевой, служебной и физической подготовке среди сотрудников полиции по разным видам профессиональной деятельности. На данных соревнованиях при-**



**нимают участие сотрудники полиции со всех районных и городских отделов полиции.**

Коллектив ОМВД России по Гумбетовскому району искренне поздравляет коллегу, оперуполномоченного уголовного розыска капитана полиции Зулумханова Гаджимурада Нугамирзаевича, занявшего первое место во втором этапе Республиканского конкурса профессионального мастерства, среди сотрудников уголовного розыска.

Диплом 1-й степени вручен приказом министра ВД по РД от 18.02.2016 г.

В дальнейшем коллектив желает капитану полиции Зулумханову Г.Н. еще высоких достижений в оперативной и служебной деятельности, здоровья и успехов в личной жизни.

**Сайпудин Магомедалиев,**
**и.о. начальника ОМВД**
**России по Гумбетовскому**
**району,**
**подполковник внутренней**
**службы**

МУГІРУЗУЛ СОН. АХИХЪАНЛЪИ

# ГІемелтІе кьо базе буго

**Къоялдаса къоялде гІадамаз бетІербахъи гьабизе, яшав борхизе гьарулел руго санагІалъаби, рукІинарулел руго рекъон кколел шартІал, цІия-цІиял ахал гІезарун, цере рукІарал ахал, хурзал цІи гьарун, гьенибе лъалъадизе лъим бачун, нухал рахьун.**

Инхдерил ГІемелтІа абулеб бакІалда буго гІезегІан кІудияб ва беричаб ах, ГІанди гІорул добаб рахьалда. Умумузул заманаялдаса нахъего гьеб ахикье ине чІедерабго кьо букІана гІоралда тІасан. Гьенисан пихъги, тІощелхерги баччулеб букІана шагьранухабе хІамуца, магьаца, куталда гІакъуба бихьун. Гьеби хІисабалде босун, инхдерица хІукму гьабун буго ГІемелтІа ахикье машинаби тІасан хьвадулеб кьо базе, росдацаго гІарацги бакІарун. Садакъаде гІарац кьолел чагІиги руго, Аллагьас къабул гьабеги гьезул садакъа. Кьо базе тІаде босун буго Сахрудин МухІамадовасул бригадаялъ. 5 чи вуго бригадаялда.

Гьал къоязда гьез хІалтІи гьабизе байбихьана, бетоналда гьорлъ лъезе хьухьунел руго маххул хьурал. Гьеб кьо бай рагІалде бахьани, гьеб буго инхдерие экономикияб рахъалъ цебетІеялъул кІудияб бутІа, ГІемелтІа гІезегІан чиясул ахал ругелъул. Щибаб ахикье машина бачІани кигІанха бигьалъилеб гьезул захІмат, жиндир заманалда ракІарунги лъугІила гьениса пихъ ва рекъарал нигІматал.

**Исрапил Заирбегов**

ЭБЕЛАЛЪ ДИР КИНИДАХЪ КУЧІДУЛ АХІИЧІЕЛАНИ…

# Лъималазул асаразул рокъоб – руччабазул дандеруссин

**Лъабабилеб марталда Гумбет районалъул лъималазул творческияб рукъалъул педагогаз ва цІалдохъабаз тІобитІана халкъазда гьоркьосеб руччабазул къоялда хурхун дандеруссин. Гьеник гІахьаллъана учительзаби, ясли-ахалъул, ЦБСалъул ва цогидалги идарабаздаса хІалтІухъаби.**

Тадбир рагьана ва бачана цІалдохъаби **ПатІиматзагьра Нажмудиноваль** ва **Индира ХІамзатоваль.** ЛъикІ хІадурун ругоан педагогаз байрамалде цІалдохъаби. Гьез рикІкІана ва ахІана эбелалъул хІакъалъулъ кучІдул, гьаруна умумузул кьурдаби, хІана сценкаби. ГІахьаллъаразе бищунго бокьана лъималаз бихьизабураб «Васигат» пьесаялдаса цо-цо номерал. 8 март баркун гьез руччабазе сайгъат гьаруна тІугьдул.

Байрам баркун кІалъазе рахьана **ПатІимат ГІумарахъаева, ПатІимат АхІмадибирова, ГІазра РурухІмаева, Майсарат Анварбегова, Бикагьиз Асадулаева, Салимат ХІамидова, Сиядат ГІабдулмутІалибова, ПатІимат Амагаева, Зульфия ХІажимурадова.**

Ахиралда кІалъазе яхъарай районалъул лъималазул творческияб рукъалъул директор **Заира Базаргановаль** киназдаго байрамги баркулаго, гьарана гьезие сахлъи, рохел, хІалтІулъ бергьенлъаби ва ракІ-ракІалъулаб баркала кьуна тадбиралда гьабураб гІахьаллъиялъухъ.

**ГІайшат Исламбиева**

ТIИЛАЗДА ГIУЖАЛГИ РАН...

# Росдал магIишаталъул хъвай-хъвагIаялъе – мухIканаб хIадурлъи

**Баянаб букIахъе, 2016 соналъул 1 июлалдаса 15 августалде щвезегIан нилъер улкаялда тIобитIизе буго росдал магIишаталъул перепись.**

Нилъер районалда гьеб гIуцIа-къараб къагIидаялда нухда тIамизе райадминистрациялъул хIукмуялда рекъон рищизе руго переписчикал.

Район бикьун буго кIиго инструкторскияб участкаялде. Щибаб инструкторскияб участкаялда руго 5-6 хIисабалъул участок, кинабниги 11 участок. Цо переписчикасде тIаде ккола 460 ЛПХ ва ИП.

Цебесеб перепись тIобитIун букIана 55 гIанасев хIалтIухъанас. Гьанжесалалъ перепись тIобитIизе буго 13 хIалтIухъанас. Исанасеб переписалъул цебеселде данде ккун буго кIудияб, цIияб хаслъи, гьел заманаялъул хIалтIухъабаз (переписчиказ) цIезаризе руго электронниияб переписалъул тIанчал, планшетный компьютералги хIалтIизарун. Щибаб хIалтIул къоялъул хIасил кьезе ккола электронниияб къагIидаялъ Росстаталде переписалъул программаялда рекъон, гьединлъидал переписчикал къваригIуна компьютер хIалтIизабиялъе лъайги, бажариги бугел. Гьединал тIадегIанаб лъаялъул тIалабалги рукIуна гьездехун, компьютер хIалтIизабизе лъай ва бажари, пачалихъияб статистикаялъул хъулухъалъул хIалтIухъабазул рахъалдасан.

Гьел заманаялъул хIалтIухъаби гIемерисел росабазул нухмалъулезул кумекалдалъун ралагьизе руго март-апрель моцIаз. Гьел цIализаризе руго чIезабураб графикалда рекъон, гьаб соналъул май-июнь моцIаз. Гьезие гьабураб хIалтIиялда рекъон харжалги чIезаризе руго. Гьединго районалъул ва росабазул нухмалъулез чIезаризе руго инструкторасул ва хIисабалъул участкабазе къваригIунеб инвентарги жаниб бугел рукъзал.

Переписалъул хIалтIи букIине кколеб даражаялда ин аслияб къагIидаялъ бараб буго, гьеб тIобитIулел хIалтIухъабазда. Нилъеца тIадехунги рехсана, гьезул букIине ккола тIадегIанаб жавабчилъи, тIаде босараб хIалтIи ракIбацIцIадго ва жиндир болжалалда тIобитIизелъун. Лъазабураб заманаялъ гьел рачIине ккола бихьизабураб бакIалде цIализе, ай перепись гьабиялъул программа ва хIалтIи бичIчIизабизе, малъизе, гьелъие хIажатаб къайи ва документал росизе. Переписалъул хIасилаз рес кьола лъазабизе щиб хIалалда бугеб нилъер аграрияб сектор, гьенир щвела нилъее мухIканал баянал, хIалтIизабулеб ракьалъул, ах-хуралъул, боцIул. Халкъалда цIехела гьезул гIумруялъул, яшавалъул, гьезул росабалъе бугищ электроэнергия, газ, бухьен. Переписалъ рес кьезе буго загIипал рахъал ралагьизе, халкъалъул рукIа-рахъин лъикIлъизе, росдал гIадамазе хIукуматалъул кумек щвезе. Переписалъ кьолел къиматал баяназда рекъон гIуцIула хIукуматалъ бюджет. Гьединлъидал гьеб мекъи ккезе бегьуларо. Гьединаб кIвар цIикIкIараб тадбир букIиналъин нилъер «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиевасги гьеб ишалде кIудияб кIвар кьолеб бугеб, статистикаялъул хъулухъалъул хIалтIухъабазе бажарараб кумек гьабулеб бугеб, гьеб хIалтIи гIуцIа-къан нухда тIамиялъе. Нилъеда щивав чиясда тIадаб буго, переписчиказ цIех-рех гьабулелъул мухIканал. битIарал жавабал кьезе. Нилъер росабалъ гIумру гьабун ругел гIемерисел гIадамал, заманаялъ хIалтIи балагьизе, яги цогидал ишаз къватIирехун ун рукIунелъул, ах-хур, гIи-боцIи переписалда гьорлъе бачиналъул мурадалда, гьеб рукъалъул баянал кьезе ккола рукъалъул бетIергьанас яги 18 соналдаса тIадехун гIумру арал, гьеб рокъор ругел цойги гIадамаз. Гьеб переписалда щварал баянал лъихъениги кьоларо, гьеб рукъалъул цIар ва жанир ругел гIадамазул цIарал переписалъул программаялъул тIанчаздаги рукIунаро. Гьединлъидал щаклъи ккезе бегьуларо, цоги кинабгIаги мурадалъе гIоло гьел ракIарулел ругин абураб жоялда. ХIукуматалъ гьезул хIакъалъулъ балъголъи цIунула ва гьелъул жавабчилъиги чIезабун буго, ай переписалъул хIасилал рукIуна балъгоял. Гьел къватIире кьоларо. Гьенир гIахьаллъаразухъа гьединаб распискаги босула. ЦIех-рехалъул заманалда гIадамаздаса кинаб букIаниги документги тIалаб гьабуларо.

Нилъер аслияб масъалалъун ккола, улкаялда экономикиялгун социалиял масъалаби ргIа- ракьанде щун халкъалъул мурадалъул даражаялда тIуразаризе рес кьолеб, гьеб кIвар цIикIкIараб тадбиралде жавабчилъиялда балагьизе.

**МухIамад Лабазанов,**
**Пачалихъияб статистикаялъул федералияб хъулухъалъул Гумбет районалда вугев бетIерав специалист-эксперт**

АГРАРНАЯ ПОЛИТИКА

# Увеличены штрафы за самозахват и нецелевое использование земельных участков

**Хасавюртовский межмуниципальный отдел Управления Росреестра по Республике Дагестан доводит до сведения граждан, что с 20.04.2015 штрафные санкции за самовольное занятие земельного участка (ст. 7.1 КоАП) и использование земельных участков не по целевому назначению, невыполнение обязанностей по приведению земель в состояние, пригодное для использования по целевому назначению (ст.8.8 КоАП) значительно увеличились. Теперь они рассчитываются исходя из кадастровой стоимости земельного участка, при использовании которого допускаются нарушения. Например, в случае выявления нарушения, выражающегося в самовольном занятии земельного участка, минимальный штраф для граждан увеличился с 500 рублей (как было ранее) до 5000 рублей, для юридических лиц минимальный порог штрафных санкций увеличился до 100 000 рублей с прежних 10 000 рублей.**

**Размеры штрафов по ст. 7.1 КоАП РФ (самозахват)**

Граждане: 1 % - 1,5 % кадастровой стоимости земельного участка, но не менее 5 000 руб., или (если кадастровая стоимость не определена) 5 000 - 10 000 руб.

Должностные лица: 1,5%-2% кадастровой стоимости земельного участка, но не менее 20 000 руб., или (если кадастровая стоимость не определена), 20 000 - 50 000 руб.

Юридические лица и индивидуальные предприниматели: 2%-3% кадастровой стоимости земельного участка, но не менее 100 000 руб., или (если кадастровая стоимость не определена), 100 000 - 200 000 руб.

По фактам нецелевого использования земельного участка также штраф зависит от кадастровой стоимости, но минимальный порог для граждан составляет 10 000 рублей вместо 1 000 рублей (как было ранее), юридические лица - минимально 100 000 рублей вместо 10 000 рублей.

**Размеры штрафов по ч. 3 ст. 8.8 КоАП РФ (неиспользование)**

Граждане: 0,5 % - 1 % кадастровой стоимости земельного участка, но не менее 10 000 руб., или (если кадастровая стоимость не определена) 10 000 - 20 000 руб.

Должностные лица: 1% - 1,5% кадастровой стоимости земельного участка, но не менее 20 000 руб., или (если кадастровая стоимость не определена), 20 000 - 50 000 руб.

Юридические лица и индивидуальные предприниматели: 1,5% - 2% кадастровой стоимости земельного участка, но не менее 100 000 руб., или (если кадастровая стоимость не определена), 100 000 - 200 000 руб.

В случае неиспользования земельного участка, предназначенного для жилищного или иного строительства, садоводства, огородничества минимальный штраф для граждан составит 20 000 рублей, для юридических лиц – 400 000 рублей.

**Размеры штрафов по ч. 1 ст. 8.8 КоАП РФ (нецелевое использование)**

Граждане: 1 % - 1,5 % кадастровой стоимости земельного участка, но не менее 20 000 руб., или (если кадастровая стоимость не определена) 20 000 - 50 000 руб.

Должностные лица: 1,5%-2% кадастровой стоимости земельного участка, но не менее 50 000 руб., или (если кадастровая стоимость не определена), 50 000 - 100 000 руб.

Юридические лица и индивидуальные предприниматели: 3% - 5% кадастровой стоимости земельного участка, но не менее 400 000 руб., или (если кадастровая стоимость не определена), 400 000 - 700 000 руб.

Также стоит отметить, что полномочия по привлечению к административной ответственности по факту неиспользования земель сельскохозяйственного назначения переданы Россельхознадзору.

**Хасавюртовский межмуниципальный отдел Управления Росреестра по Республике Дагестан**

ЗУЛАЙХАТИЛ ГIАКАГИ ГIАЛИГЪАЛБАЦIИЛ ОЦГИ

# ГIакIа ахIулеб буго

**Гумбет районалъул ветеринарияб управлениялъул централияб ветучастокалъ хъулухъ гьабулеб МелъелтIа, Ингишо, ЛъаратIа росабазул гIи-боцIудаса бруцеллез бугищан би бахъулеб буго. ТIоцебесеб марталде МелъелтIа росулъ бахъана 885 хIайваналдаса би, гьезда гьоркьоб 535 гIака. Бруцеллезалда данде укол гьабуна 760 хIайваналда.**

ГьабсагIат нижеда цебечIараб аслияб масъалалъун ккола магIарде гIи-боцIи бахиналде, тIадехун рехсарал росабазул гIи-боцIуда къочIол, хIунсул, щукърузул унтабазде данде уколал гьари. Амма, росабалъ гьел хIалтIаби гьаризе санагIатал шартIал гьечIолъиялъ (расколал, базаби ва гь. ц.), щивав чиясул рукъзабахъе хьвадизе ккун, гIезегIан захIмалъиялда гьарула. Нижехъ гьечIо боцIул сияхI, лъаларо кир гьел хьихьун ругелали. Гьединлъидал гьари буго росабазул нухмалъулезде, гIи-боцIул бетIергьабазде (ЛПХ, КФХ, ООО) гьел тIадехун рехсарал тадбирал жиндир заманалда ва тIадегIанаб даражаялда тIоритIиялъе квербакъи гьабеян. Киназдаго лъазе ккола гIи-боцIуда гьоркьор гьаризе кколел тадбирал кIвар гьечIого тей, гьеб кколеблъи № 93 бугеб «Ветеринариялъул хIакъалъулъ» федералияб закон хвезаби.

**Анварбег Расулов,**
**Гумбет районалъул ветуправлениялъул централияб ветучастокалъул нухмалъулев**

БетIерав редактор ХIамзат ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал: ГIайшат Исламбиева, Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков
телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1373
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.